



# ENDIVIDI KI GEN ANDIKAP YO

Komisyen Indiana sou Dwa Sivil (Indiana Civil Rights Commission) "ICRC"

## Kisa ki yon andikap?

Yon andikap se yon defisyans fizik oswa mantal ki limite youn aktivite lavi majè oswa plis sibstansyèlman.

## Domèn Ranfòsman

Moun ki genyen yon andikap kapab depoze yon reklamasyon devan ICRC nan domèn sa yo:

- Lojman
- Travay
- Akomodasyon Piblik
- Edikasyon
- Kredi

Lalwa pwoteje moun konsa yo tou:

- Genyen yon dosye yon defisyans konsa
- Ki konsidere kòm yon moun ki genyen yon defisyans konsa

Nòmalman sa a vle di yon defisyans, se pa maladi oswa blesi komen tankou grip, elatriye.

## Domèn Ranfòsman

### Lojman

- Fè Akomodasyon
  - Chanjman nan politik, tankou plas pakin asiyen oswa pèmèt zannimo sèvis
- Pèmèt Modifikasyon
  - Pèmèt lokatè a fè chanjman nan estrikti fizik la, tankou ranp, ba sipò, elajisman antre pòt, ak retrèt kapèt (souvan sou depans lokatè a)
- Kosepsyone & Konstwi Lojman ki Aksesib
  - Apatman/kondo ki te batí apre 1991 dwe aksesib pou moun ki nan chèz woulant yo (lajè antre pòt la, enklen twotwa yo, ase espas nan kizin yo, sal de ben yo, elatriye)



Travay ki te founi baz pou publikasyon sila a te apiye ak finansman anba yon Akò Koperatif avèk Ministè Lojman ak Devlopman Iben Ameriken an. Sibstans lan ak konklizyon travay la dedye ak publik la. Se ekriven an avèk publikatè a ki inikman responsab pou presizyon deklarasyon yo ak entèpretasyon yo ki nan publikasyon sa a. Entèpretasyon konsa yo pa nesesèman reflete opinyon Gouvènman an.

## Travay

Lalwa Indiana sou Dwa Sivil pwoteje moun ki gen andikap yo kont:

- Trètman Dispare
  - Trètman ki mwens favorab pase anplwaye ki pa andikape ki nan sityasyon parèy
- Enpak Dispare
  - o Politik net avèk yon efè ò pwopòsyon, negatif sou yon klas ki pwoteje an patikilye ki gen rapò ak endividé ki pa manm klas sa ki pwoteje a
- Neglige Akomode
  - Nye oubyen neglige diskite yon chanjman rezonab nan politik oswa pwosedi pou yon anplwaye ki genyen yon andikap

## Akomodasyon Biblik

Selon Lalwa Indiana, yon akomodasyon biblik se "nenpòt etablisman ki founi oubyen ofri sèvis oswa enstalasyon oswa byen li yo pou biblik jeneral la."

- Fòk biznis yo pèmèt zannimo sèvis yo antre
- Sa a aplike pou defisyans mobilite, osi byen ke moun ki avèg, moun ki soud, elatriye
- Li depann sou kapasite finansye biznis la avèk pri pou retire barye a

## Edikasyon

Tout Hoosier gen dwa ak opòtinite egal pou edikasyon.

Kòd Indiana 22-9-1-2 di konsa nan pati pètinan ke "se politik biblik eta a pou nou founi tout sitwayen nou yo opòtinite egal pou edikasyon ... epi eliminate segregasyon oswa separasyon baze inikman sou ras, reliyon, koulè, sèks, andikap, orijin nasional, oubyen zansèt...".

## Kredi

Lalwa entèdi bank ak lòt enstitisyon ki prete lajan yo diskrimine kont yon kandidat nan akòde, pa bay, oubyen renouvle kredi, ni nan fikse to, tèm oswa kondisyon nenpòt fòm kredi, baze sou klas moun nan ki pwoteje a.

## Kontakte Nou

100 North Senate Avenue, Room N300

Indianapolis, IN 46204

Biwo: (317) 232-2600

Apèl Gratis: (800) 628-2909

Moun ki Mal pou Tande yo: (800) 743-3333

Faks: (317) 232-6580

Entènet: [www.in.gov/icrc](http://www.in.gov/icrc)